



Pou Piblikasyon Imedya: 12/03/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL AK PWOPRIYETÈ TI BIZNIS YO RASANBLE POU SIPÒTE PLAN 45 MILYON DOLA POU REPRIME VÒL NAN BIZNIS AN DETAY ÒGANIZE**

***Bidjè Gouvènè a gen ladan 25 milyon dola pou etabli ekip kont vòl nan biznis an detay nan Polis Eta New York la; 15 milyon dola pou pwokirè distri & Lapolis***

***Kredi taks 5 milyon dola pral ede ti biznis yo peye pou lòt mezi sekirite tankou gad ak kamera***

***Gouvènè a ap mete presyon pou lejislasyon pou etabli penalite kriminel pou moun ki agrese travayè k ap vann an detay yo, nouvo lwa pou reprime vant machandiz yo vòlè sou entènèt***

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te reyini ansanm ak manm Lejislati a ak pwopriyetè ti biznis ki soti toupatou nan New York pou sipòte yon represyon konplè nan tout eta a sou vòl òganize nan biznis an detay. Plan anti-vòl Gouvènè Hochul la, ki enkli nan pwopozisyon Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2025 li a, gen ladan 25 milyon dola pou yon inite devwe kont vòl nan biznis an detay nan Lapolis Eta New York la, 15 milyon dola pou Pwokirè Distri yo ak fòs lòd lokal yo, ak 5 milyon dola pou kouvri depans sekirite pou biznis yo. Li gen ladan tou nouvo lejislasyon pou pwoteje travayè ki vann an detay kont agresyon ak pou reprime vant machandiz yo vòlè sou entènèt.

"Nou te travay avèk siksè ak lapolis lokal yo pou elimine vyolans ak zam, اساسina ak fiziyad – kounye a nou dwe pran menm apwòch sa a pou kwape vòl òganize kont biznis ki vann an detay", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Li lè pou nou bay lapolis ak pwokirè yo zouti yo bezwen pou yo pouswiv vòlè nan biznis an detay yo epi pou yo sipòte biznis nou yo ak tout fòs lalwa. Sekirite piblik se pi gwo priyorite mwen, epi mwen pran angajman pou kenbe kliyan ak travayè yo an sekirite."

Pwopozisyon Gouvènè Hochul la ta itilize estrateji pou konbat krim ki pwouve ke yo te itilize pou redui krim vyolan ak ofans zam depi lè Gouvènè Hochul te antre an fonksyon an 2021. Envestisman pou konbat ogmantasyon deli vòl nan Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2025 la gen ladan:

- Entwodwi lejislasyon pou etabli **penalite kriminel** pou mache sou entènèt yo ak vandè twazyèm pati ki ankouraje vant machandiz yo vòlè epi ogmante sanksyon kriminel nan ka atak kont travayè ki vann an detay yo.
- Etabli yon **Inite Aplikasyon Lwa Kraze epi Sezi nan Lapolis Eta New York la**. Bidjè Egzekitif la gen ladan **25.2 milyon dola** nan nouvo finansman pou deplwaye yon ekip Lapolis Eta devwe pou moute dosye kont rezo vòl òganize yo epi kreye yon nouvo inite aplikasyon lwa nan Lapolis Eta ki dedye ak objektif sa a.
- **10 milyon dola** nan finansman pou DA yo pou pouswiv dosye krim sou pwopriyete yo epi deplwaye Ekip Vòl nan Komès an Detay nan Biwo Pwokirè Distri (District Attorney, DA).
- **5 milyon dola** nan finansman Eta adisyonèl pou konstwi kapasite efò fòs lòd lokal yo pou konbat vòl an detay.
- **5 milyon dola** pou yon Kredi Taks Sekirite Komèsyal pou ede pwopriyete biznis yo konpanse depans kèk mezi sekirite magazen yo;

**Senatè Eta Brad Hoylman-Sigal te deklare**, "Mwen apresye anpil efò Gouvènè a nan bidjè ane sa a pou adrese vòl an detay, ki te ravaje anpil ti biznis nan distri Sena Eta mwen an. Mwen pa ka tann pou m adopte lejislasyon pou rann pati yo responsab pou pwoteksyon machandiz yo vòlè ak lòt mezi nan bidjè nou an pou kwape pwoblèm sa a, ki gen ladann bay lòt resous pou tribinal nou k ap rezoud pwoblèm, tankou Sant Jistis Kominotè Midtown (Midtown Community Justice Center), ki ka ede rezoud pwoblèm sa a."

**Senatè Eta Jessica Scarcella-Spanton te deklare**, "Travayè ki ann an detay merite menm nivo pwoteksyon ak lòt travayè esansyèl yo. Ane pase nou te rankontre ak biznis yo nan distri nou an pou abòde ogmantasyon vyolans kont travayè sa yo k ap sèvi kominote nou an chak jou. Ogmante penalite pou agresyon sou travayè nan biznis an detay se non sèlman yon prevansyon - li gen bon sans. Mèsi Gouvènè Kathy Hochul paske w bay pwoblèm sa a priyorite ak pou angajman w pou w travay ansanm pou pwoteje Nouyòk yo."

**Manm Asanble Manny De Los Santos te deklare**, "Mwen enkyete pou fanmi k ap travay nou yo epi mwen pè anpil akòz gwo vòl an detay ki afekte kominote nou yo. Avèk 386 residivis ki reprezante 30 pousan nan arestasyon vòl Vil New York yo, aksyon ijan enperatif. Sipòte kowalisyon CAPS la ak andose lejislasyon kle yo enpòtan anpil pou pwoteje ti biznis nou yo ak katye yo. Ann ini dèyè plan Gouvènè Hochul la pou konbat vòl an detay epi asire yon avni ki pi an sekirite pou tout moun."

**Fondatè CAPS la, Nelson Eusebio, te deklare**, "Gouvènè Kathy Hochul gen rezon, nou bezwen atake vòl an detay ak ti vòl paske biznis New York ta dwe lib pou opere san laperèz oswa enkyetid pou vòl. Pandan pik pandemi COVID la, yo te rele travayè nan biznis an detay yo esansyèl epi kounye a yo bezwen èd Albany pou asire yo an sekirite epi yo kapab fè travay yo. Nou felisite gouvènè a pou aksyon li epi ankouraje lejislati a pou defann travayè yo, konsomatè yo ak ti biznis yo."

**Deborah Koenigsberger, Pwopriyetè Boutik Noir et Blanc TTH Vintage la, te deklare,** "Magazen yo bezwen èd, epi mwen kontan di Gouvènè Hochul se alye nou. Gouvènè a jis jwenn li – magazen yo nan New York ki te oblije fè fas ak ogmantasyon vòl an detay jis vle kapab opere ak sèvi kominote pa yo. Lejislati eta a dwe aji pou magazen sa yo jwenn pwoteksyon yo bezwen epi pou travayè yo ak konsomatè yo santi yo an sekirite."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)